Aplikasyon pou sèvis kan dete CSOC 2027 la

NJ Children's System of Care
Contracted System Administrator — **PerformCare®**

Pati A: Sipò finansye pou peye ekolaj la pou kan dete a

CSOC dwe detèmine pitit ou a kalifye pou jwenn sèvis pou moun ki gen andikap entelktyèl/devlòpmantal epi pitit ou a dwe anrejistre pou yon kan ki kalifye anvan ou voye aplikasyon sa a. Si w pa konnen nimewo idantifikasyon CYBER pitit ou a, tanpri kontakte PerformCare nan **877-652-7624**. Epitou, ou kapab ranpli aplikasyon pou sèvis kan dete a sou Entènèt nan adrès **www.performcarenj.org/summercamp**.

Enstriksyon

1. Chwazi yon kan ki kalifye nan lis **CSOC apwouve** a sou: **www.performcarenj.org/summercamp**.
2. Si kan ki kalifye a detèmine pitit ou a pral bezwen yon **èd/defansè pèsonèl** pou patisipe nan kan an, **se pou ou ranpli pati B ki nan aplikasyon sa a**. Anvan ou voye demann ou an, tanpri kontakte ajans ki pral voye èd pèsonèl la pou verifye si ajans ou te chwazi a ap kapab voye yon moun pou sa ou mande a. W ap jwenn lis CSOC apwouve a sou: **www.performcarenj.org/summercamp**.
3. Voye aplikasyon **ki ranpli** a ansanm avèk yon **kopi lèt anrejistreman oswa lèt akseptasyon** ou jwenn nan men kan ki kalifye a bay: **PerformCare, Attn: Summer Camp Services, 300 Horizon Drive, Suite 306, Robbinsville, NJ 08691-1919**. Se pou ou **ranpli epi tenbre** aplikasyon w lan oswa se pou nou resevwa li **nan dat 30 jen 2027 pou pi ta** pou nou ka anvizaje ba w yon sipò finansye. Nou pa p aksepte okenn aplikasyon apre dat limit 30 jen an. Nou pral voye notifikasyon sou estati aplikasyon yo apre 1ye desanm 2026 ak 1ye mas 2027.

Nòt: **Nou voye peman an bay kan ki kalifye kote jèn nan ale a apre li jwenn sèvis kan yo.**

Enfòmasyon sou timoun nan		
Prenon timoun nan		Non fanmi timoun nan
Nº idantifikasyon CYBER	Dat nesans	Kòd postal

Enfòmasyon sou paran an/responsab legal la			
Prenon paran an/responsab legal la		Non fanmi paran an/responsab legal la	
Adrès		Vil	Eta
Kòd postal	Telefòn	Imèl	

Enfòmasyon sou kan ki kalifye a — Tanpri voye yon konfimasyon ki montre timoun nan anrejistre nan kan an ansanm avèk aplikasyon sa a.			
Non kan ki kalifye a		Nº idantifikasyon kan an (w ap jwenn li nan lis kan ki kalifye yo sou sit Entènèt nou an)	
Adrès		Vil	Eta
Kòd postal	Telefòn	Imèl	

Enfòmasyon sou kan ki kalifye a — Tanpri voye yon konfimasyon ki montre timoun nan anrejistre nan kan an ansanm avèk aplikasyon sa a.

Kalite kan:

☐ **Kan kote moun dòmi lannuit** (chwazi jiska **6** jou pou ranbousman an):

Non kan an:

Dat: **Dat kòmansman an (mm/jj/aa)** **Dat finisman an (mm/jj/aa)**

rive **(6 jou omaksimòm)**

☐ **Kan kote moun pase lajounen sèlman** (chwazi jiska **10** jou sèlman pou ranbousman an):

Premye semèn

Non kan an:

Dat: **Dat kòmansman an (mm/jj/aa)** **Dat finisman an (mm/jj/aa)**

rive **(5 jou omaksimòm)**

Dezyèm semèn

Non kan an:

Dat: **Dat kòmansman an (mm/jj/aa)** **Dat finisman an (mm/jj/aa)**

rive **(5 jou omaksimòm)**

Dat ki pa suivi pou kan an: (Si jèn nan pa prale pandan 2 semèn konplè, tanpri antre chak dat.)

Non kan an:

Dat:	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**
	mm/jj/aa	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**

Enfòmasyon sou kan ki kalifye a — Tanpri voye yon konfimasyon ki montre timoun nan anrejistre nan kan an ansanm avèk aplikasyon sa a.

Kalite kan (suit)

☐ **Sesyon lwazi altènatif** (Chwazi 20 sesyon ARS ki dire dezèdtan **OSWA** 5 jou nan kan kote moun pase lajounen sèlman ak 10 sesyon ARS.)

Non kan ARS la:					
Dat:	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**
	mm/jj/aa	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**
	mm/jj/aa	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**
	mm/jj/aa	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**

Non kan kote moun pase lajounen sèlman an:					
Dat:	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**	**mm/jj/aa**

Atestasyon

Mwen ateste, lè mwen voye aplikasyon sa a pou jwenn yon sipò finansye pou peye ekolaj la pou kan dete a, mwen gentan anrejistre pitit mwen an nèt nan kan ki kalifye ki endike a. Epitou, mwen deklare enfòmasyon mwen te antre nan aplikasyon sa a se enfòmasyon ki kòrèk e ki egzak, selon tout sa mwen konnen.

Non paran an/responsab legal la	Siyati paran an/responsab legal la	Dat

Pati B: Aplikasyon pou sèvis èd pèsonèl pou kan dete 2027 la

Si kan an detèmine pitit ou a pral bezwen asistans nan men yon èd/defansè pèsonèl pou patisipe nan kan an, se pou ou ranpli seksyon sa a nan aplikasyon sa a. Ou menm ak kan an dwe ranpli rezime konpòtman adaptatif timoun nan (Child Adaptive Behavior Summary, CABS) ansanm nan paj ki vin annapre yo pou aplike pou sèvis èd pèsonèl yo. Kan an dwe kenbe yon kopi CABS nou te ranpli ansanm nan.

Epitou, se pou nou remèt yon kopi CABS la bay ajans ki pral bay èd pèsonèl la paske li esplike ki enpak andikap timoun nan genyen sou lavi chak jou a, ni pou timoun nan ni pou moun k ap pran swen l lan, epi sa pral pèmèt ajans lan chwazi yon èd ki adapte ak bezwen pitit ou a. Epitou, tanpri konsilte lis èd pèsonèl ki kalifye ki disponib sou sit Entènèt PerformCare a pou ranpli aplikasyon an: **www.performcarenj.org/summercamp**.

ATANSYON: Etandone genyen yon gwo demann pou èd pèsonèl pou timoun ki prale nan kan pou de dènye semèn mwa out la, CSOC **pa kapab garanti** l ap ka satisfè tout demann yo. **Se pou ou ranpli aplikasyon w lan pou nou kapab trete l.**

Enfòmasyon sou èd pèsonèl la — Pou kan kote moun pase lajounen sèlman yo ak sesyon ARS yo sèlman

Enfòmasyon sou timoun nan		
Prenon timoun nan	Non fanmi timoun nan	
Nº idantifikasyon CYBER	Dat nesans	

Enfòmasyon sou ajans k ap voye èd pèsonèl la			
Non ajans k ap voye èd pèsonèl la	Nº idantifikasyon ajans lan (w ap jwenn li nan lis ajans ki voye èd pèsonèl yo sou sit Entènèt nou an)		
Adrès	Vil	Eta	Kòd postal
Moun ki sèvi kòm kontak nan ajans lan	Telefòn	Imèl	

Atestatsyon — Se pou ou ranpli aplikasyon w lan pou nou kapab trete l.		
Mwen ateste mwen fin anrejistre pitit mwen an nèt nan kan ki endike a epi mwen gentan kominike avèk ajans ki pral voye èd pèsonèl la pou verifye li kapab satisfè bezwen pitit mwen an. Epitou, mwen deklare enfòmasyon mwen te antre nan aplikasyon sa a se enfòmasyon ki kòrèk e ki egzak, selon tout sa mwen konnen.		
Non paran an/responsab legal la	Siyati paran an/responsab legal la	Dat

Voye demann nan bay: **PerformCare, Attn: Summer Camp Services, 300 Horizon Drive, Suite 306, Robbinsville, NJ 08691-1919**. Se pou ou **ranpli epi tenbre** aplikasyon sa a oswa se pou nou resevwa li **nan dat 30 jen 2027 pou pi ta** pou nou ka anvizaje fè w jwenn sèvis èd pèsonalize. Nou pral voye notifikasyon sou estati aplikasyon yo apre 1ye desanm 2026 ak 1ye mas 2027. Nou pa p aksepte okenn aplikasyon apre dat limit 30 jen 2027 la. Si w gen kesyon, tanpri kontakte PerformCare nan **1-877-652-7624**.

Se kan an ki sipoze ranpli fòm rezime konpòtman adaptatif timoun nan (Child Adaptive Behavior Summary, CABS).

Rezime konpòtman adaptatif timoun nan (CABS)

Non timoun nan: _____ Laj li kounye a: _____
Prenon Inisyal dezyème prenon an Non fanmi

Moun ki ranpli CABS la: _____ Dat li ranpli l la: _____

Relasyon: _____ Nimewo telefòn: _____

SEKSYON I: AKTIVITE KI POU FÈT CHAK JOU YO

Sonje pou evalye fonksyònman timoun nan an mwayèn **lakay li** pandan **6 dènye mwa ki sot pase yo**. Nan zòn pou kòmantè yo, ou kapab ajoute nenpòt lòt enfòmasyon, tankou entansite konpòtman an, sa ki deklanche konpòtman yo epi si fonksyònman aktyèl timoun nan vin pi bon oswa pi mal parapò ak jan li te ye anvan an.

MANJE	**1** Kapab fè l prèske poukont li	**2** Bezwen rapèl vèbal mwens pase mwatye nan fwa yo	**3** Bezwen rapèl vèbal plis pase mwatye nan fwa yo	**4** Bezwen asistans fizik mwens pase mwatye nan fwa yo	**5** Bezwen asistans fizik plis pase mwatye nan fwa yo	**N/A** Sa pa aplikab
1. Manje ak dwèt li	☐	☐	☐	☐	☐	☐
2. Manje poukont li ak yon kiyè	☐	☐	☐	☐	☐	☐
3. Manje poukont li ak yon fouchèt	☐	☐	☐	☐	☐	☐
4. Koupe manje yo ak yon kouto	☐	☐	☐	☐	☐	☐
5. Bwè nan yon vè oswa nan yon gode	☐	☐	☐	☐	☐	☐
Kòmantè/Enfòmasyon siplemantè: (Tanpri bay yon ti esplikasyon pou nenpòt repons ou mete N/A pou li)						

SÈVI AK TWALÈT LA	**1** Kapab fè l prèske poukont li	**2** Bezwen rapèl vèbal mwens pase mwatye nan fwa yo	**3** Bezwen rapèl vèbal plis pase mwatye nan fwa yo	**4** Bezwen asistans fizik mwens pase mwatye nan fwa yo	**5** Bezwen asistans fizik plis pase mwatye nan fwa yo	**N/A** Sa pa aplikab
1. Konnen kilè pou l al nan twalèt	☐	☐	☐	☐	☐	☐
2. Sèvi ak twalèt la poukont li	☐	☐	☐	☐	☐	☐
3. Siye kò li ak papye twalèt	☐	☐	☐	☐	☐	☐
4. Lave men li apre li sèvi ak twalèt la	☐	☐	☐	☐	☐	☐
5. (Fi) Kapab pran swen tèt li lè l gen règ li	☐	☐	☐	☐	☐	☐
6. Pipi sou kò li — Lajounen	☐	☐	☐	☐	☐	☐
7. Pipi sou kò li — Lannuit	☐	☐	☐	☐	☐	☐
8. Poupou sou kò li — Lajounen	☐	☐	☐	☐	☐	☐
9. Poupou sou kò li — Lannuit	☐	☐	☐	☐	☐	☐
10. Itilize pwodui enkontinans (kouchèt oswa lòt pwodui ki menm jan)	☐ Wi	☐ Non	**SI WI:** Endike lè a (yo): ☐ Lajounen ☐ Lannuit			
Kòmantè/Enfòmasyon siplemantè: (Tanpri bay yon ti esplikasyon pou nenpòt repons ou mete N/A pou li.)						

IJYÈN	**1** Kapab fè l prèske poukont li	**2** Bezwen rapèl vèbal mwens pase mwatye nan fwa yo	**3** Bezwen rapèl vèbal plis pase mwatye nan fwa yo	**4** Bezwen asistans fizik mwens pase mwatye nan fwa yo	**5** Bezwen asistans fizik plis pase mwatye nan fwa yo	**N/A** Sa pa aplikab
1. Ouvri dlo a/Kontwole tanperati dlo a	☐	☐	☐	☐	☐	☐
2. Lave epi seche men li	☐	☐	☐	☐	☐	☐
3. Lave epi seche figi li	☐	☐	☐	☐	☐	☐
4. Benyen poukont li nan benywa a	☐	☐	☐	☐	☐	☐
5. Benyen poukont li nan douch la	☐	☐	☐	☐	☐	☐
6. Pase chanpou nan cheve li	☐	☐	☐	☐	☐	☐
7. Seche kò li	☐	☐	☐	☐	☐	☐
8. Itilize dezodoran	☐	☐	☐	☐	☐	☐

IJYÈN	**1** Kapab fè l prèske poukont li	**2** Bezwen rapèl vèbal mwens pase mwatye nan fwa yo	**3** Bezwen rapèl vèbal plis pase mwatye nan fwa yo	**4** Bezwen asistans fizik mwens pase mwatye nan fwa yo	**5** Bezwen asistans fizik plis pase mwatye nan fwa yo	**N/A** Sa pa aplikab
9. Penyen/Bwose cheve li	☐	☐	☐	☐	☐	☐
10. Mete pat dantifris sou bwòsadan an	☐	☐	☐	☐	☐	☐
11. Bwòse pwòp dan li	☐	☐	☐	☐	☐	☐
12. Mouche epi siyen nen li ak yon klinèks	☐	☐	☐	☐	☐	☐
13. Fè bab li si sa nesesè	☐	☐	☐	☐	☐	☐
Kòmantè/Enfòmasyon siplemantè: (Tanpri bay yon ti esplikasyon pou nenpòt repons ou mete N/A pou li.)						

ABIYE	**1** Kapab fè l prèske poukont li	**2** Bezwen rapèl vèbal mwens pase mwatye nan fwa yo	**3** Bezwen rapèl vèbal plis pase mwatye nan fwa yo	**4** Bezwen asistans fizik mwens pase mwatye nan fwa yo	**5** Bezwen asistans fizik plis pase mwatye nan fwa yo	**N/A** Sa pa aplikab
1. Retire rad sou kò li (yon fason ki apwopriye)	☐	☐	☐	☐	☐	☐
2. Kapab boutonnen rad li yo	☐	☐	☐	☐	☐	☐
3. Kapab mete rad ki gen bouton ou peze sou yo	☐	☐	☐	☐	☐	☐
4. Kapab mete/retire rad ki zipe	☐	☐	☐	☐	☐	☐
5. Tache yon bouk (tankou yon bouk sentiwon)	☐	☐	☐	☐	☐	☐
6. Mete pwòp soutyen li	☐	☐	☐	☐	☐	☐
7. Mare lasèt li	☐	☐	☐	☐	☐	☐
8. Mete tout rad li	☐	☐	☐	☐	☐	☐
9. Chanje rad li regilyèman	☐	☐	☐	☐	☐	☐
10. Chwazi rad ki apwopriye pou sezon an	☐	☐	☐	☐	☐	☐
11. Retire chosèt, chapo ak gan	☐	☐	☐	☐	☐	☐
Kòmantè/Enfòmasyon siplemantè: (Tanpri bay yon ti esplikasyon pou nenpòt repons ou mete N/A pou li.)						

SEKSYON II: Kominikasyon ak konpòtman sosyal

Sonje pou evalye fonksyònman timoun nan an mwayèn **lakay li, nan lekòl la ak nan kominote a** pandan **6 dènye mwa ki sot pase yo.** Nan zòn kòmantè yo, ou kapab ajoute nenpòt lòt enfòmasyon, tankou entansite konpòtman an, sa ki deklanche konpòtman yo epi si fonksyònman aktyèl timoun nan vin pi bon oswa pi mal parapò ak jan li te ye anvan an.

KONPETANS NAN DOMÈN KOMINIKASYON	**1** Prèske jamè (mwens pase 10% nan fwa yo)	**2** Pa souvan (mwens pase 25% nan fwa yo)	**3** Pafwa (anviwon 50% nan fwa yo)	**4** Souvan (plis pase 75% nan fwa yo)	**5** Prèske toutan/ Toutan (90% nan fwa yo oswa plis)
1. Reponn kesyon 'Wi' ak 'Non' yo yon fason ki apwopriye	☐	☐	☐	☐	☐
2. Suiv enstriksyon ki senp	☐	☐	☐	☐	☐
3. Suiv enstriksyon ki konplike oswa ki mande pou li fè plizyè bagay	☐	☐	☐	☐	☐
4. Fè konnen bagay debaz li vle oswa bezwen yo	☐	☐	☐	☐	☐
KESYON KI MANDE YON REPONS WI/NON:	**WI**	**NON**	**Kòmantè pou chak anba a:**		
5. Sèvi ak jès pou l kominike (pa egzanp lonje dwèt)	☐	☐			
6. Sèvi ak lang siy pou l kominike	☐	☐			
7. Konprann jès yo	☐	☐			
8. Konprann siy yo oswa lang siy la	☐	☐			
9. Reponn/Kapab itilize yon telefòn	☐	☐			
10. Èske timoun nan itilize yon aparèy asistans pou li kominike?	☐	☐			
KONPÒTMAN SOSYAL	**WI**	**NON**	**KÒMANTÈ**		
Èske timoun nan gen aktivite li renmen fè pou plezi?	☐	☐			
Timoun nan kapab fè zanmi epi kenbe zanmi sa yo poukont li.	☐	☐			
Timoun nan kapab gen yon konvèsasyon nètale ak lòt timoun ki menm laj ak li.	☐	☐			
Timoun nan montre li enterese pase tan avèk lòt timoun ki menm laj ak li.	☐	☐			
Timoun nan ka kenbe sekrè lè sa apwopriye epi li fè atansyon pou l pa pataje enfòmasyon pèsonèl.	☐	☐			
Timoun nan kapab montre li konprann santiman zanmi l yo epi li gen sousi pou yo.	☐	☐			
Timoun nan kapan eksprime li lè sa nesesè.	☐	☐			
Timoun nan kapab jere kòlè l ak fristrasyon l yon fason ki apwopriye.	☐	☐			

LÒT DOMÈN FONKSYÒNMAN	WI	NON	KÒMANTÈ
1. Timoun nan kapab fè konnen sa li prefere (nan manje, nan emisyon tele, nan jwèt).	☐	☐	
2. Timoun nan ka prepare l epi antisipe evènman ki pral fèt pi devan yo.	☐	☐	
3. Timoun nan ka mande lòt moun ede l lè sa nesesè.	☐	☐	
4. Timoun nan kapab pran fatra epi mete l nan yon bwat ki apwopriye.	☐	☐	
5. Timoun nan kapab lonje dwèt li pou l montre yon bagay li renmen oswa ki enterese l.	☐	☐	
6. Timoun nan gen aktivite li renmen fè pou plezi.	☐	☐	
7. Timoun nan ka planifye yon aktivite epi fè sa li te planifye a.	☐	☐	
8. Timoun nan ka aprann fè kèk aktivite ki senp.	☐	☐	
9. Timoun nan kapab netwaye yon chanm poukont li (ranje).	☐	☐	
10. Timoun nan konn chèche zanmi pou l jwe ak yo.	☐	☐	
11. Timoun nan ka gade yon òlòj oswa yon mont dijital pou konnen ki lè li ye.	☐	☐	
12. Timoun nan genyen 3 lane reta oswa plis nan 2 matyè akademik.	☐	☐	
13. Timoun nan ka bay adrès lakay li.	☐	☐	
14. Timoun nan ka lonje dwèt li pou l montre yon bagay oswa nonmen li.	☐	☐	
15. Timoun nan ka konte soti nan 1 rive nan 10 san l pa fè erè.	☐	☐	
16. Timoun nan ka mete ansanm 3 fòm oswa 3 koulè.	☐	☐	
17. Timoun nan ka idantifye omwen 7 koulè.	☐	☐	
18. Timoun nan ka sèvi ak lè a pou l suiv yon orè.	☐	☐	
Kòmantè siplemantè:			

KONESANS SOU KOMINOTE A	WI	NON	KÒMANTÈ
1. Nan ki aktivite ki fèt nan kominote a timoun nan konn patisipe?			
2. Èske timoun nan gen yon konpòtman ki apwopriye pandan akvitite sa yo?	☐	☐	
3. Èske timoun nan konsyan de danje ki konn egziste nan kay la, tankou mach eskalye yo, pwodui pou netwaye kay la, aparèy pou chofe kay la, recho a ak chemine a?	☐	☐	
4. Èske timoun nan montre li konsyan de danje ki egziste nan kominote a, tankou wout yo, trafic machin yo ak moun ki enkoni yo?	☐	☐	
5. Èske timoun nan ka achte?	☐	☐	
6. Èske timoun nan konn sèvi ak transpò piblik yo?	☐	☐	
7. Èske timoun nan ka di ki lè li ye?	☐	☐	
8a. Èske timoun nan pran nenpòt medikaman yo te preskri l poukont li?	☐	☐	
8b. Dekri fason li pran medikaman yo:			
9. Èske moun sa a kapab rete poukont li/san pèsòn pou siveye li pandan yon peryòd tan?	☐	☐	
10. Esplike ki asistans timoun nan bezwen pou l jere lajan (peye bòdwo, prepare yon bidjè, elatriye).			
Kòmantè:			

SEKSYON III: Faktè medikal ak konpòtmantal

Sonje pou evalye fonksyònman timoun nan an mwayèn **lakay li** pandan **6 dènye mwa ki sot pase yo**. Nan zòn pou kòmantè yo, ou kapab ajoute nenpòt lòt enfòmasyon, tankou entansite konpòtman an, sa ki deklanche konpòtman yo epi si fonksyònman aktyèl timoun nan vin pi bon oswa pi mal parapò ak jan li te ye anvan an.

Pou kondisyon risk medikal yo, endike "wi" sèlman si li te sibi sentòm nan 6 dènye mwa ki sot pase yo, kèlkeswa dat yo te bay dyagnostik la. Si timoun nan te konn gen yon pwoblèm sante oswa te konn suiv yon tretman, men sa fini, tanpri endike "non" men bay kèk detay sou sa ki te rive a nan zòn pou kòmantè yo.

Pou seksyon sou antesedan twomatis ak risk la, tanpri endike "wi" si timoun nan te **janm** gen sa ki mansyone a. Si timoun nan te sibi lòt kalite twomatis, tanpri endike sa nan zòn pou kòmantè yo.

KONDISYON RISK MEDIKAL	WI	NON	KÒMANTÈ
1. Alèji (medikaman, manje)	☐	☐	
2. Opresyon (inalatè, nebilizè)	☐	☐	
3. Pwoblèm respiratwa (oksijèn, trachewotomi, machin CPAP)	☐	☐	
4. Pwoblèm gastwo-entestinal (alimantasyon/eliminasyon tisi, gwo pwoblèm refli)	☐	☐	
5. Itilize yon pòch kolostomi	☐	☐	
6. Risk aspirasyon	☐	☐	
7. Itilize yon tib gastrik	☐	☐	
8. Touse oswa toufe pandan l ap manje oswa bwè	☐	☐	
9. Yon lòt moun mete manje/likid nan bouch li	☐	☐	
10. Bezwen yon rejim ki altere pa mwayen mekanik (fè manje yo vin pi pwès, kraze manje yo, moulen manje yo)	☐	☐	
11. Bezwen yon rejim yon doktè te preskri (ki gen mwens grès, sodyòm, kolestewòl)	☐	☐	
12. Gen yon konpòtman kote li chèche manje/likid yon fason ki egzajere	☐	☐	
13. Risk dezidratasyon/Refize bwè likid regilyèman	☐	☐	
14. Konspitasyon: bezwen sipozitwa oswa lavman entesten regilyèman	☐	☐	
15. Bezwen yon katetè oswa dyaliz (ren/maladi irinè, elatriye)	☐	☐	
16a. Epilepsi/Malkadi? Si wi, ki kalite?	☐	☐	
16b. Èske yo te preskri jèn nan medikaman pou malkadi?	☐	☐	
16c. Dat dènye kriz la, kalite malkadi, chak kilè:			

17a. Dyabèt? Si wi, ki kalite?	☐	☐	
17b. Èske jèn nan bezwen ensilin?	☐	☐	
18. Èske timoun nan resevwa swen nan men yon enfimyè espesyalize lakay li?	☐	☐	
19. Lòt kondisyon medikal ki fè l bezwen èd: METE YO NAN ZÒN POU KÒMANTÈ YO. Kòmantè:			

RISK KONPÒTMANTAL	**WI**	**NON**	**KÒMANTÈ**
Konpòtman (kont tèt li)			**Endike chak kilè sa fèt ak sa ki deklanche konpòtman yo**
1. Mòde/Frape kò li anpil	☐	☐	
2. Frape tèt li	☐	☐	
3. Mete objè ki danjere nan twou ki nan kò li	☐	☐	
4. Pichkannen oswa grate po li anpil	☐	☐	
5. Pika/Manje bagay ki pa manje	☐	☐	
6. Lòt:	☐	☐	
Konpòtman (kont lòt moun)			**Endike chak kilè sa fèt, sa ki deklanche konpòtman yo ak moun ki viktim yo (tankou paran l yo, frè l ak sè l yo, pwofesè yo, enkoni yo)**
7. Frape, mòde oswa bay kout pye	☐	☐	
8. Fè menas vyolans dirèk	☐	☐	
9. Gwo kòlè/Agresyon	☐	☐	
10. Derespekte/Refize obeyi enstriksyon	☐	☐	

LÒT KONPÒTMAN	WI	NON	Si wi, dekri ki tretman/sèvis timoun nan ap resevwa, si genyen
11. Abi sibstans	☐	☐	
12. Enplikasyon sistèm jidisyè a	☐	☐	
13. Konpòtman seksyèl ki bay pwoblèm	☐	☐	
14. Sove bridsoukou	☐	☐	
15. Konn kite kay la souvan	☐	☐	
16. Grenpe kèk kote yon fason ki pa nòmal	☐	☐	
17. Domaje kèk bagay	☐	☐	
18. Mete difé	☐	☐	
19. Lòt:	☐	☐	

KONDISYON TWOMATIS AK RISK	WI	NON	Kòmantè
1. Antesedan abi fizik	☐	☐	
2. Antesedan abi seksyèl	☐	☐	
3. Te sibi fawouch	☐	☐	
4. Te pèdi yon moun ki pwòch, tankou yon frè, yon sè oswa yon paran ki mouri	☐	☐	
5. Te retire nan kay la akoz abi oswa neglijans	☐	☐	
Pwoblèm ki gen rapò ak sante mantal	**WI**	**NON**	**Si wi, dekri ki tretman/sèvis timoun nan ap resevwa, si genyen**
6. Depresyon (santiman kote li sanzespwa, tristès, chanjman nan tanperaman)	☐	☐	
7. Anksyete (gwo enkyetid, kriz panik)	☐	☐	
8. Twoub ipè-aktivite ak defisi atansyon	☐	☐	
9. Gwo chanjman nan tanperaman ak/oswa chimerik	☐	☐	
10. Tik, twoub mouvman	☐	☐	
11. Wè oswa tande bagay ki pa la, paranoya	☐	☐	
Kòmantè:			

SEKSYON IV: BEZWEN NAN DOMÈN SIPÈVIZYON AK ITILIZASYON EKIPMAN ADAPTATIF

Sonje pou evalye fonksyònman timoun nan oswa fason li itilize ekipman an mwayèn pandan **6 dènye mwa ki sot pase yo**. Nan zòn pou kòmantè yo, ou kapab ajoute nenpòt lòt enfòmasyon, tankou si kapasite aktyèl timoun nan oswa bezwen li genyen pou l itilize yon ekipman adaptatif vin pi bon oswa pi mal parapò ak jan li te ye anvan an.

BEZWEN NAN DOMÈN SIPÈVIZYON LAKAY LI	WI	NON
1. Bezwen pou yon moun siveye l selon laj li	☐	☐
2. Bezwen pou yon moun siveye l epi rete je klè 24 sou 24, lajounen kou lannuit	☐	☐
3. Bezwen pou yon moun siveye l ak anpil atansyon lajounen	☐	☐
4. Sipò/Sipèvizyon chak jou sou sit la, pandan kèk èdtan	☐	☐
5. Konnen kilè gen yon sitiyasyon ijans ak kijan pou l jwenn èd	☐	☐
6. Bezwen èd pou soti nan kay la	☐	☐

BEZWEN NAN DOMÈN SIPÈVIZYON NAN KOMINOTE A	WI	NON
1. Bezwen pou yon moun siveye l selon laj li	☐	☐
2. Bezwen pou yon moun siveye l epi rete je klè 24 sou 24, lajounen kou lannuit	☐	☐
3. Bezwen pou yon moun siveye l ak anpil atansyon lajounen	☐	☐
4. Kapab rete poukont li kèk kote byen presi	☐	☐
5. Deplase nan kominote a poukont li	☐	☐
6. Vilnerab pou lòt moun eksplwate l	☐	☐

Kòmantè:

ITILIZASYON EKIPMAN ADAPTATIF	TCHEKE SI LI ITILIZE L	Kòmantè			
Chèz woulant (ou kapab chwazi plizyè)	☐	☐ Ki fonksyone ak men	☐ Elektrik	☐ Ki avanse poukont li	☐ Bezwen èd
Kas	☐				
Linèt	☐				
Wòkè/Beki/Baton	☐				
Istansil pou manje ki modifye	☐				
PERS — Sistèm repons ijans pèsonèl	☐				
Soulye/Atèl koreksyon	☐				
Aparèy pou tande	☐				
Aparèy pou ogmante kominikasyon an	☐				

ITILIZASYON EKIPMAN ADAPTATIF	TCHEKE SI LI ITILIZE L	Kòmantè
Lòt: Tanpri dekri li	☐	
1		
2		
3		
Kòmantè:		

ITILIZASYON MODIFIKASYON ANVIWÒNMANTAL	TCHEKE SI LI ITILIZE L	Kòmantè
Machin kote chèz woulant ka antre	☐	
Saldeben ki aksesib	☐	
Ranp	☐	
Aparèy pou leve chèz woulant: galri, antre kay la, mach eskalye	☐	
Lòt: Tanpri dekri li	☐	
1		
2		
3		
Kòmantè:		